


Esterilizasyon (Operasyon pou w pa ka fè pitit) - ligati twonp ak vazektomi

Operasyon nan twonp, ligati twonp, koupe tib pou pa fè pitit



Kijan esterilizasyon an fonksyone ?



- Gen **de tip** esterilizasyon—**ligati twonp** pou fanm, epi **vazektomi** pou gason. Gen diferan tip ligati twonp ak vazektomi. Mande pwofesyonèl lasante w la, pou l fè sa ki apwopriye pou ou a.
- Ligati twonp lan se yon pwosedi chirijikal, ki bloke, koupe, oswa retire twonp ou yo (ki ant ovè yo ak matris la), pou yon ze ak yon espèm pa ka rankontre, pou yo fekonde.
- Vazektomi an se yon pwosedi chirijikal, ki bloke, oswa koupe tib pou transpòte espèm nan (ki ant boul green yo e kanal pipi a), pou pa gen espèm nan dechay la.
- Esterilizasyon an **definitif**. Se pou w fè esterilizasyon sèlman si ou si ou pa vle ansent alavni, e si ou p ap chanje desizyon ou.
- Se sèl yon patnè ki bezwen fè esterilizasyon, pou anpeche gwosès. Li ka fèt pou nenpòt nan patnè yo.
- Esterilizasyon an mache pou moun ki gen **nenpòt pwa, nenpòt laj, ak moun k ap fè terapi avèk òmòm, pou afime idantite sèks yo.**

Kijan yo fè esterilizasyon an ?

gen
Yon fwa

Oumenm, oswa patnè w la dwe **al wè yon pwofesyonèl lasante** pou fè esterilizasyon an pou yonn nan nou. **Li definitif.**

Yon fwa oumenm, oswa patnè w la, fè esterilizasyon an, pa gen anyen nou bezwen fè ankò, pou anpeche gwosès.

- W ap gen pou w siyen yon fòm konsantman, anvan yo fè esterilizasyon an pou ou. Pafwa, y ap mande pou w tann (jiska 30 jou), ant lè w siyen konsantman an e lè pou yo fè esterilizasyon an pou ou.
- Yo ka ba ou anestezi, lè y ap fè esterilizasyon an, pou w pa santi pwosedi a, oswa doulè.
- **Ligati twonp** : Se nan sal operasyon yo fè ligati twonp lan. Si se pa nan lè ou te entène pou akouchman an yo fè esterilizasyon, li posib pou yo fè plizyè ti ensizyon nan vant ou. Si se apre yon akouchman nòmal, kote ou te pouse tibebe nan bouboun, y ap fè yon sèl gwo ensizyon nan vant ou. Yo ka fè l tou, pandan w ap fè yon sezaryèn pou w akouche. Se oswa yo koupe twonp ou yo, oswa yo bloke yo. Y ap fèmen ensizyon an ak pwen kouti, oswa lakòl espesyal. Operasyon an dire apeprè 60 minit, epi li pran 2 a 6 semèn pou w refè.
- **Vazektomi** : Yo fè vazektomi an nan dispansè, nan klinik, oswa nan yon lopital. Y ap fè yon ti ensizyon, oswa pèse yon twou, nan pati anwo sak boul grenn nan. Ansuit, y ap koupe tib pou espèm nan, oswa mare l. Y ap fèmen ensizyon an avèk pwen kouti ; si se yon twou yo te pèse, yo p ap bezwen fè pwen kouti. Li dire apeprè 15 a 20 minit, li ka pran 1 semèn pou w refè.



Entimite ak kontwòl

- Nou bezwen wè yon pwofesyonèl lasante, pou fè esterilizasyon an pou ou, oswa pou patnè ou la.
- Apre operasyon an, patnè w la ap ka wè pansman w lan, ak ti sikatris ou genyen an/yo.
- Ou p ap ka konnen si patnè w te fè operasyon, pou l pa ka fè pitit.
- Yon moun k ap viv avèk ou, oswa ki gen asirans ansanm ak ou, ka wè yon bòdwo asirans ou voye pou ou.
- Yon lòt moun pa ka wè si ou te fè esterilizasyon, amwenske li kapab wè pansman yo mete apre operasyon an, oswa ti sikatris ou a/yo.

Yon fwa yo fè esterilizasyon an, èske l ap fonksyone imedyatman ?



Ligati twonp : Wi, l ap fè efè imedyatman.



Vazektomi : Non, l ap pran 3 mwa, pou dechaj la pa gen espèm ladan l. Pandan tan sa a, itilize yon lòt metòd planin adisyonèl.



Esterilizasyon an gen dwa pa apwopriye pou moun ki

Yo ka fè esterilizasyon pou nenpòt moun. Ou gen pi plis risk, pou w gen konplikasyon, apre yon ligati twonp, si ou obèz, si ou fè dyabèt, oswa si avan sa ou te sibi operasyon nan vant, oswa anbativant

Lis sa a pa konplè, kidonk pale ak pwofesyonèl lasante w la, sou sityasyon sante ou, avan w kòmanse avèk metòd sa a.




Itilize planin an ijans, si

- Si se **mwens pase 3 mwa ki pase, depi ou te fè yon vazektomi.**
- Pa gen erè moun yo te fè ligati twonp pou li a, oswa ki gen plis pase 3 mwa depi yo te fè vazektomi pou li a, ka fè ; kidonk **pa gen sityasyon kote yo rekòmande pou l itilize yon metòd kontrasepsyon an ijans,** menm si li ka itilize l san danje.

Èske esterilizasyon bon anpil pou anpeche gwosès ?

- **1 nan 100 moun ki itilize esterilizasyon an ap tonbe ansent chak ane.** Sa vle di liefikas a **99%**.
- Piske pa gen anyen pou w fè, pou w pa ansent, yon fwa yo te fè esterilizasyon pou ou a, pa gen erè, moun nan ka fè, ki ka lakoz yon diferans ant itilizasyon nòmal e itilizasyon pafè.



Efè segondè

Enfeksyon ki transmèt nan fè sèks : Yo pa p anpeche yo.

- Itilize kapòt ekstèn oswa entèn yo, pou diminye risk pou w pran tout enfeksyon ki transmèt nan fè sèks yo.

Règ : Pa gen efè.

Doulè lè w gen règ : Pa gen efè.

Pwa : Pa gen efè.

Akne : Pa gen efè.

Lè w ap ka fè pitit ankò : Esterilizasyon an definitiv.

Kèk lòt efè segondè ki posib : Oumenm, oswa patnè w la, ka santi doulè apre operasyon an.

Sonje :

- W ap toujou kontinye gen règ ou.
- Moun, ki te fè ligati twonp yo, dwe kontinye pran swen sante prevantif pou fanm, tankou tès pou kansè nan kòl matris (an anglè : pap smears).



Men kesyon pou w poze pwofesyonèl lasante w la

- Èske esterilizasyon an definitiv, oswa èske yo ka defèt li ?
- Konbyen tan l ap pran pou w refè ?
- Ki aktivite konsa m pa ka fè apre esterilizasyon an ?
- Konbyen tan, anvan operasyon an, m sipoze siyen yon fòm konsantman ?
- Kijan n ap fè konnen, lè patnè m nan pa gen espèm ankò nan dechay li.

Itilizasyon apre akouchman

Yo ka fè ligati twonp, san danje, tousuit apre akouchman. Yo ka fè l tousuit apre akouchman, nan lopital la. Li pa gen efè sou lèt w ap pwodui, sou bay tibebe tete, oswa devlopman tibebe a.



Pran kontak ak pwofesyonèl lasante w la, si ou gen

- Siy enfeksyon
- Endispoze
- Doulè grav nan vant
- Anpil san, nan pansman ki kouvri ensizyon an

Tcheke yon gid sou planin, ak papyè ki gen enfòmasyon sou chak metòd planin yo.

